

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Karya sastra mangrupa salasahiji sumber penting pikeun manusa sangkan bisa nilik kaayaan masarakat dina hiji jaman. Sastra ogé mangrupa gambaran peradaban masarakat dina kahirupan manusa. Maju henteuna peradaban masarakat bisa katitén tina aprésiasi jeung ngajén karya sastra nu aya dina jamanna, loba pangaweruh pikeun kahirupan nu kapanggih tina karya sastra. Satuluyna bakal nambahan pangalaman sarta bakal kapanggih rupa-rupa masalah nu kagambarkeun dina karya sastra saperti kasangsaraan, kanyaah atawa kasedih. Sakumaha nu ditepikeun Teeuw (2015, kc. 118) yén sastra salaku enteung kanyataan anu bisa dibaca ngaliwatan kasang tukang karya.

Salasahiji wangun karya sastra nu dipikawanoh di Tatar Sunda nyaéta drama. Drama nurutkeun Koswara (2010, kc. 115) mangrupa carita dina wangun dialog anu digambarkeun sacara langsung dina hiji pagelaran di hareupeun panonton. Pamadegan séjénna ku Sujiman dina Nuryanto (2017, kc. 4) drama nyaéta karya sastra nu miboga tujuan ngagambarkeun kahirupan ngaliwatan émosi, paripolah jeung dialog. Kukituna bisa dicindekkeun yén drama mangrupa carita kahirupan manusa anu dipagelarkeun dina luhur panggung ngaliwatan media dialog, gerak jeung tingkahlaku dumasar kana naskah.

Wijanto dina Dejawati (2012, kc. 8) nétélakeun yén dina harti anu lega, drama mangrupa wangun tongtonan anu mibanda harti carita pikeun pintonan anu di lalajoan ku balarea. Sedengkeun dina harti anu heureut drama mangrupa carita kahirupan manusa nu aya di masarakat tur dipintonkeun dina luhur panggung ngaliwatan wangun dialog jeung gerak dumasar kana naskah nu di rojong ku tata panggung, tata lampu, tata musik, tata rias, jeung tata suasana. Kukituna drama atawa Téater bisa dideskripsikeun salaku carita kahirupan anu dipintonkeun di luhur panggung ku manusa pikeun manusa. Kukituna bisa disebut laboratorium manusa. Pamadegan Abrams ngeunaan drama kaunggel dina *A Glossary of Literary Treasures* saperti di handap.

“ Drama is the literary forms designed for the theater, where actors take the roles of the characters, perform the indicated action, and utter the written dialogue”

“Drama mangrupa wangun sastra nu dirancang pikeun téater, dimana palaku nyokot lakon ngaliwatan paripolah nu ditembongkeun ngaliwatan dialog tinulis”

Anu miboga harti yén drama mangrupa salasahiji wangun sastra anu aya tina dekonstruksi pikeun teatér nu aktorna merankeun jeung ngedalkeunna ngaliwatan dialog.

Jaman kiwari, karya sastra drama dina wangun basa sunda kawilang saeutik upama dibandingkeun jeung wangun carpon atawa novél, kaasup drama nu dipagelarankeun. Masarakat leuwih resep kana pintonan drama jeung pagelaran tibatan naskah drama. Salasahiji naskah drama nu sering dipintonkeun nyaéta naskah drama “Ringkang Peuting” ieu naskah drama pernah dipagelarankeun dina Festival Drama Basa Sunda (FDBS) dina ieu naskah drama loba pisan fungsi sosial sarta eunteung kahirupan nu nembrak. Masalah kahirupan sarta peran karya sastra di masarakat anu diolah sacara éstétis ngaliwatan kreativitas sarta hasilna ditepikeun ka pamaca ku kituna, pamiarsa bisa nempo sarta ngahargaan kanyataan jeung masalah kahirupan dina wangun karya sastra. Sastra sorangan dipangaruhan ku ajen sosial saluyu jeung pamadegan Sumarjo dina Sujarwa (2019, kc. 14) nu nétélakeun yén potret masarakat anu digambarkeun pangarang teu bisa ngawakilan masarakat dina harti anu lega. Latar sosial anu patalina jeung paripolah kahirupan masarakat di hiji tempat anu dicaritakeun dina karya sastra, bisa mangrupa kabiasaan hirup, adat-istiadat, tradisi, kayakinan, sawangan hirup, cara mikir jeung sikep, tur nu séjéna nu kagolong kana latar sosial dina karya sastra.

Karya sastra drama bisa ditalungtik ku sababaraha pamarekan, tapi teu bisa sagawayah dina nangtukeun pamarekanna. Hiji karya sastra bakal katingali hadé, upama ditalungtik ku pamarekan nu saluyu jeung éta karya sastra. Naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosyid É. Abby ditalungtik pikeun neangan sosiologi sastra, sarta unsur pangwangun karya sastra pikeun ngaidéntifikasi, ngadéskripsikeun jeung nganalisis ku cara maké tiori struktural sarta ditéangan aspék sosial nu aya.

Nu jadi dadasar jeung tinimbangan dipilihna naskah drama “Ringkang Peuting” pikeun obyék panalungtikan sabab naskah drama “Ringkang Peuting” mangrupa saduran tina naskah drama *Selamat Jalan Anak Kufur* karya Utang Tatang Sontani, salasahiji pangarang anggkatan 45 anu gemet pisan kana pasualan

Muhamad Munif, 2021

NASKAH DRAMA “RINGKANG PEUTING” SADURAN ROSIYD É. ABBY

Universitas Pendidikan Indonesia | repositoriy.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sosial anu aya di masarakat. Ti mimiti sakola geus resep nulis dina basa sunda tur nyieun roman nu judulna *Tambéra* (1934) jeung *Mahala Bapa* (1943) anu sanggeusna di muat dina surat kabar sacara *feuilleton*, malahan *Tambéra* tuluy di bukukeun. Ti mimiti jaman Jepang geus mimiti nulis kana Bahasa Indonésia sarta ilubiung kana pintonan – pintonan sandiwara anu judulna “Bunga Rumah Makan” (1948), “Suling Sang Kuriang” (1959), “Awal dan Mira” (1952), “Manusia Kota” (1960), “Sayang Ada Orang Lain”, “Di Langit Ada Bintang”, “Di Muka Kaca”, “Pengakuan”, “Sang Kuriang” (1959), “Orang – Orang Sial” (1951), jeung “Si Kabayan” (1959) sarta sababaraha karyana geus disalin kana basa Rusia nyaéta *Bunga Rumah Makan jeung Kabayan* basa Cina *Bunga Rumah Makan, Tambéra jeung Dilangit Ada Bintang*.

Nurutkeun Rosidi (2017, Kc. 65) dina karangan – karangan Utuy Tatang Sontani réa pisan ngabahas ngeunaan pasualan napsu séksual nu nyangkaruk di masarakat salaku gambaran kaayaan sarta proses kritik pikeun pamarentah. Ideologi Utuy Tatang Sontani anu kacampuran ku realisme sosial atau Marxisme ngajadikeun parobahan pola pikir ngeunaan dua kabudayaan anu nyawang susunan masarakat jadi dua kutub nu béda. Nyaéta kelas anu nyekel kakawasan pamaréntahan nu istilahna (*kebudayaan kelas atas*) sarta kelas anu diparéntah (*kebudayaan kelas bawah*) antara kaum feodal sarta kaum buruh jeung tani nu hartina kelas *kemasyarakatan*.

Panalungtikan saméméhna anu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta nu dilaksanakan ku Agung Aprian (2020) nu medar ngeunaan Sosiologi sastra dina naskah “Tarung” karya Nazarudin Azhar, Aspék sosiologi sastra dina novel “*Kembang – kembang Petingan* karangan Holisoh M.E” ku Dewi Supriyatin Inanti, Analisis Perspektif Biografis kana Antologi Sajak *Jiwalupat* karya Godi Suwarna, panalungtikan sosiologi sastra ku Dea Lugina, Analisis komparatif kana carpon *Murang Maring jeung Serat Sarwasatwa* sarta novel *Sandekala jeung Déng* karangan (Godi Suwarna), Aspék sosial dina naskah drama “Bulan jeung Kerupuk” karangan Yusef Muldiana (2017), Aspék Sosial dina naskah drama “Kidung Pinggir”. Lurung Karya Udyn. U (2013), Aspék Sosial dina naskah drama “Orang - orang yang Bergegas” karya Puthut. EA (2010).

Hal nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan – panalungtikan séjén sarta jeung anu saacanna nyaéta tina pamarekan sarta objék anu ditalungtik ku kituna panalungtikan ieu baris ngulik naskah drama “Ringkang Peuting” dina struktural sarta sosiologi sastra.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan Sosiologi Sastra nu aya dina jero naskah drama “Ringkang Peuting” struktur naskah drama sarta Sosiologi sastra nurutkeun Wellek (2014, kc. 53) nu kabagi jadi tilu ngawengku sosiologi pangarang, karya sastra jeung pamaca .

Sakumaha nu geus didadarkeun sangkan puguh ieu panalungtikan ngaidentifikasi sababaraha masalah, nyaéta.

- 1) Nambahan pangaweruh atawa élmu ngeunan sastra khususna sastra sunda.
- 2) Kurang kairutna masarakat kana naskah drama sarta masarakat leuwih apal kana pintonan drama di banding naskah aslina.
- 3) Pikeun enteung masarakat kana karya - karya nu loba kritik sosial pikeun kahirupan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, bisa di rumuskeun sababaraha masalah nu diébréhkeun, nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita dina naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosiyd É. Abby.
- 2) Kumaha Unsur – unsur dina naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosiyd É. Abby.
- 3) Kumaha aspék sosiologi sastra dina naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosiyd É. Abby kana Sosiologi pangarang, karya sastra jeung pamaca.

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu kabagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngulik/medar ngeunan struktur pangwangun naskah drama sarta satuluyna diteangan sosiologi sastra anu aya dina naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosiyd É. Abby.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikkan miboga udagan pikeun medar jeung maluruh.

- 1) Ngaidéntifikasi sarta ngadéskripsikeun struktur prosa jeung struktur drama dina naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosiyd É. Abby anu ngawengku téma, fakta carita (tokoh, setting, alur) sarta unsur drama (prolog, dialog, pembabakan, adegan, wawacang, solilokui, aside, épilog)
- 2) Ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun aspék sosial dina naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosiyd É. Abby.

1.4 Mangpaat /Signifikansi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipalar sangkan bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung praktis, saperti di handap:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan bisa di paké pikeun ngeyeuban panalungtikan dina jihat sastra. Sajaba ti éta, utamana pikeun mikanyaho kumaha aspék sosiologi sastra nu nyampak sabudereun naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosiyd É. Abby sarta ngaronjatkeun minat baca masarakat.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, di antara nyaéta:

- 1) Pikeun panalungtikan bisa ngajembarkeun élmu pangaweruh tina widang anu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan struktur pangwangun naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosiyd É. Abby;
- 2) Méré informasi kumaha sosiologi sastra anu nyampak dina naskah drama “Ringkang Peuting” saduran Rosiyd É. Abby;
- 3) Pikeun mahasiswa jadi bisa jadi bahan pustaka sarta dijadikeun bahan bacaan jeung referensi.

1.5 Raraga Tulisan

Dina raraga tulisan baris dipedar ngeunaan struktur sisTématika nulis skripsi, diantarana.

- 1) BAB I Bubuka, nyaéta nu ngawengku: (1) kasang tukang masalah, (2) rumusan masalah, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat panalungtikan, sarta (5) sisTématis tulisan.
- 2) BAB II medar ngeunaan: (1) Ulikan Pustaka jeung raraga mikir, ngawengku ulikan tiori saméméhna, kalungguhan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtikan jeung hipotesis panalungtikan.
- 3) BAB III Metode panalungtikan ngawengku: (1) desain panalungtikan, subjek panalungtikan, (2) sumber data, instrument panalungtikan, (3) prosedur panalungtikan, jeung analisis data.
- 4) BAB IV Hasil jeung pedaran panalungtikan, ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran panalungtikan.
- 5) BAB V Panutup, nu ngawengku (1) kacindekan jeung saran. Dina ieu bab, eusina mangrupa kacindekan tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun lajuning laku kana ieu panalungtikan.
- 6) Daftar Pustaka jeung Lampiran-Lampiran.